

# KITE PLON AN NAN PLAS LI

## Èske Ou Pran Plon Lakay Ou?

Patikil oswa pousyè plon kapab antre lakay ou epi antre nan rad ou ak ekipman ou. Li kapab danjere pou nenpòt moun ki ekspozè ladan. Si jèn pitit ou ap viv nan kay youn paran ki travay avèk plon, yo ta dwe teste.

Pandan gwosès, yon manman kapab transmèt plon ba tibebe li. Menm nivo ba plon nan fanm ansent kapab lakòz **foskouch, tibebe ki fèt anvan lè ak domaj pèmanan sou tibebe ki nan vant manman yo.**

Yon tès san rapid ak senp se sèl fason pou asire si pitit ou anpwazonnen avèk plon. Mande doktè ou oswa depatman sante pou tete pitit ou pou plon.

## PASTAN KI KA EKSPOZE OU NAN PLON

Sib koutzam nan espas kote yo tire zam

Fè grenn bal oswa plon pou lapèch

Fè potri, vitray oswa bijou

Renove oswa re-fini mèb

## EFÈ SOU KÒ A

Diminasyon nan fonksyon sèvo a

Diminasyon nan fonksyon ren


Plis chans pou gen tansyon wo

Pwoblèm dijeyon

Diminasyon nan nimerasyon espèm

Reta nan devlopman pou tibebe ou anvan li fèt

Plis chans pou fè yon foskouch oswa pou tibebe ou fèt avèk yon ti gwosè



## Pwoteje Tèt ou ak Fanmi Ou

**BENYEN NAN DOUCH EPI CHANJE** rad ou pou mete rad pwòp ak soulye pwòp anvan ou kite kote ou pase tan ou.

**LAVE EPI SECHE** rad kote ou pase tan ou apa avèk lòt rad yo.

**LAVE MEN OU AK FIGI OU** anvan ou manje, bwè oswa fimèn.

**MANJE, BWÈ EPI FIMEN NAN ZÒN** ki pa gen pousyè ak vapè plon.

**SWIV YON REJIM ALIMANTÈ KI BYEN EKILIBRE.** Bon jan nitrisyon kapab ede redui nivo plon yo. Yon rejim alimantè ki gen anpil fè, kalsyòm ak Vitamin C ap ede ou redui absòpsyon plon an.

**ASIRE** kote ou pase tan ou byen ayere.

**METE BON JAN EKIPMAN PWOTEKSYON PÈSONÈL** tankou yon respiratè ki adapte ak gan lè w ap travay nan kote ki gen pousyè oswa vapè plon.

**KENBE TIMOUN OU YO LWEN KOTE OU PASE TAN OU.**

**LAVE MEN TIMOUN OU YO SOUVAN,** sitou anvan yo manje ak anvan yo dòmi.

**KENBE KOTE OU PASE TAN OU, LAKAY OU AK VWATI OU PWÒP.** Pou fè sa, itilize yon twal mouye pou netwaye tout sifas yo ak aspiratè ki gen yon filtè HEPA.

## Aprann plis

Pwogram Prevansyon Florida pou Anpwazonman nan Plon (Florida Department of Health Lead Poisoning Prevention Program):

<http://www.floridahealth.gov/environmental-health/lead-poisoning/index.html>

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention): [www.cdc.gov](http://www.cdc.gov)

